30-июнь – Жаслар күни

# ЖАСЛАР БИЗИҢ КЕЛЕШЕГИМИЗ






Өзбекстан Жаслар аўқамы тәрепинен июнь айы «Жаслар айлығы» деп жарияланды. Айлық шеңберинде барлық орынларда ҳәр қыйлы жойбарлар, илажлар әмелге асырылды. Атап өтетуғын болсақ, районның орайлық көшелеринде 30 - июнь — Жаслар күни байрамы мүнәсибети менен «Youth Day» атамасында ғалабалық жуўырыў марафоны шөлкемлестирилди.

Марафонға 14-30 жас аралығында 400 ден аслам ер ҳәм қыз балалар қатнасты. Буннан басқа да райондағы кем тәмийинленген 5 жас шаңарақтың неке ҳәм 5 баланың сүннет тойлары ықшамластырылған тәризде өткерилди.

«Жаслар айлығы» шеңберинде «Ҳәким ҳәм жаслар» ушырасыўы болып өтти. Ушырасыў даўымында бир қатар республика көлеминдеги таңлаўларда жетискенликке ерискен жаслар район ҳәкими тәрепинен «Ҳүрмет жарлығы» ҳәм естелик саўғалары менен сыйлықланды.

Райондағы Балалар өспиримлер спорт мектебинде 30-июнь – Жаслар күнине бағышланып салтанатлы кеше болып өтти. Кешеде район ҳәкими А.Сейтахов келешегимиз болған жасларды байрам менен қызғын құтлықлап, күн сайын жаңаланыўлар-ға, раўажланыўларға бой созған елимизде жаслардың ҳәр тәреплеме белсене қатнасып атырғанын мақтаныш пенен атап өтти.

Салтанатлы кеше даўамында «Жаслар айлығы» шеңберинде өткерилген ҳәр қыйлы спорт жарысларында, илажларда жоқары нәтийжелерди қолға киргизген бир қатар жасларымыз район ҳәкими тәрепинен байрам саўғалары менен сыйлықланды. Илажда қарақалпақ эстрада жулдызлары өзлериниң концерт бағдарламалары менен қатнасып, районымыз жасларына өзгеше көтериңки байрам кейпиятын инам етти.

**Руслан ЖАҢАБАЕВ**

# ЕҢ ҮЛГИЛИ ҚӘНИГЕ




Районлық ҳаял-қызлар комитети басламасы менен ҳаял-қызлар менен ислесиў ҳәм шаңарақларда руўхый әдеп-икрамлылық қәдириятларды беккемлеў бойынша қәнигелериниң ис тәжирийбелерин еле де арттырыў мақсетинде «Ең үлгили қәниге» таңлаўының районлық басқышы болып өтти.

Таңлаўға райондағы барлық өзин-өзи басқарыў уйымларының қәнигелери қатнасты.

Таңлаў үш шәрттен ибарат болып, дәслеп төрешилер қурамы тәрепинен қәнигелердиң ис-ҳүжжетлери көрип шығылды ҳәм өзлерин таныстырып жумыс барысы ҳаққында қысқаша айтып берди. Буннан соң сораў-жуўап ҳәм ақырғы шәртте қәнигелердиң жумыс барысы даўамында ушырасқан машқалалардың шешимин сахналық көринисте көрсетиў шәртлери төрешилер қурамы тәрепинен баҳаланды.

Таңлаў жуўмағында «Арбашы» АПЖ қәнигеси Жығагүл Өтепова жеңимпаз деп табылды ҳәм кейинги республикалық басқышқа жоллама алды.

**З.ӘБДИМУРАТОВА**
**ҳаял-қызлар комитети бас қәнигеси**

Нызамшылықтағы жаңалықлар

# ТАЗА НЫЗАМ КҮШКЕ КИРДИ

Өзбекстан Республикасы Олий Мажилиси Нызамшылық палатасы тәрепинен 2019-жыл 6-февральда қабыл етилип Сенат тәрепинен 28-февральда мақулланған Өзбекстан Республикасының «Жынаят, жынаят-процессуал кодекслерине ҳәм де Өзбекстан Республикасының Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексине өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында»ғы Нызамына муўапық Өзбекстан Республикасы Жынаят кодекси жаңа $244^4$-статья менен толықтырылды.

Жаңадан толықтырылған статьяның биринши бөлиминде ушыўшысыз ушатуғын аппаратларды (дронларды), олардың аўысық бөлеклерин нызамсыз рәўиште алып кириў, өткериў, сақлаў ямаса олардан пайдаланыў үш жылға шекем еркинен айырыў менен жазаланады деп белгиленген. Ал, усы статьяның екинши бөлимине көре усы ҳәрекетлер тәкирарланса яки қәўипли рецидивист тәрепинен, шахстың өз хызмет бабынан пайдаланып, бир топар шахслар тәрепинен алдыннан тил бириктирип исленген болса, денеге орташа яки аўыр жарақат жеткизилиўине себеп болса бес жылдан сегиз жылға еркинен айырыў менен жазаланады деп көрсетилген. Қалаберсе, усы ҳәрекетлер адам өлимине, бахытсыз ҳәдийсеге алып келсе сегиз жылдан он жылға шекем еркинен айырыў жазасы менен жазаланады деп көрсетилген.

**Әзиз ХОЖАНИЯЗОВ**
**район прокурорының ис үйрениўшиси**

Көшпели суд

# ҲУҚЫҚБУЗАР ЖАЗАСЫН АЛДЫ



Жасы қырыққа келсе де нырыққа келмеген Д.П. өмирлик жолдасы С.Ж .менен ажырасып, еки баласын жетим қалдырды. Оның менен турмай 2016-жылдың декабрь айынан усы жылдың май айына шекем алимент төлеўден де бас тартып келген. Усы ҳуқықбузарлық иси бойынша «Төк таў» МПЖ имаратында көшпели суд мәжилиси болып өтти.

Кең жәмәәтшилик ўәкиллери қатнасында болып өткен көшпели судта Д.П. қылмыслары ҳәр тәреплеме көрип шығылды. Суд мәжилисинде ҳуқықбузар Д.П. айыбын толық мойынлап, өзи жумыссыз болғанлығы себепли алимент пулларын төлеўге жағдайы келмей атырғанлығын, ислеген исинен пушайман екенлигин, өзине жеңиллик бериўин сорап көрсетпе берди.

Суд мәжилисинде ҳуқықбузар Д.П. бурын судланбағанлығы, ислеген исине шын жүректен пушайман екенлиги, шаңарақ жағдайлары инабатқа алынды. Суд айыпкер Д.Пға 15 сутка ҳәкимшилик қамақ жазасын тайынлады.

**Гәўҳар АРЗЫМБЕТОВА**
**район прокуроры жәрдемшиси**

## ХАБАРЛАНДЫРЫЎ

«Өзбектелеком» АК Қарақалпақстан Республикасы филиалы Нөкис районлық телекоммуникация тармағы район халқына 2019-жыл 1-июль сәнесинен баслап барлық байланыс хызметинен пайдаланып атырған мәкеме, кәрханалардың ҳәм пуқаралардың телефон номерлери Нөкис районлық телекоммуникация тармағында орнатылған MSAN (№1120) қурылмасына ажыратылған 226-37-44-226-48-63 аралығындағы телефон номерлери 424-37-44 тен 424-48-63 болып өзгеретуғынлығын хабарлаймыз.

Қутанкөл агроэкономикалық кәсип-өнер колледжин 2011-2012-оқыў жылында «Финанс» қәнигелигин питкерген Ахметова Айнура Бағдаўлетовнаға берилген К №2309483 (рег №2539) дипломы жойтылыўына байланыслы бийкар етиледи.

«Аллияр Дамир» фермер хожалығының дөңгелек мөри ҳәм төртмүйешли таңбасы жойтылыўына байланыслы бийкар етиледи.

Газета өз ўақтында қолыңызға жетип бармаса 61/ 424-41-26 ямаса 91/ 374-55-11 телефонына қоңыраў етип ямаса телеграмм арқалы мүрәжат етиўиңизге болады.

Ақмаңғыт таңы

РЕДАКТОР Әбдималик ХОЖАНАЗАРОВ

ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎШИЛЕР: Нөкис районы ҳәкимлиги, Халық депутатларының Нөкис районлық Кеңеси менен редакция жәмәәти

Газета айына 3 рет А-3 форматында шығады

Газета усақлап сатыўда еркин баҳада

Мәкан жайымыз: 230900, Нөкис районы Ақмаңғыт поселкасы, Дарсан көшеси 32-жай

Редакция тел.: 424-41-26
e-xat: aqmangit.redaksiya
aqmangit-pressa@mail.ru

ISSN 2181-7650

Газета редакциясына келип түскен хатлар, қолжазбалар ҳәм сүўретлер рецензияланбайды ҳәм қайтарылмайды

ИНДЕКС: Пуқаралар ушын-2047 Мәкемелер ушын-2048

Нәўбетши: Г.ҚАЛБАЕВА

Газета ҚР Баспасөз ҳәм хабар агентлиги тәрепинен 2007-жыл 5-мартта 01-034-санлы гүўалық пенен дизимге алынды. Тиражы 1100 Буйыртпа 1438 Басыўға рухсат етилген ўақты 28.06.2019-жыл. Саат 18:00

Газета «Үргениш мастер сервис» ЖМК баспаханасында басылды. Мәкан жайы: Үргениш қаласы, Хийўа көшеси, 106/1-жай

C M Y K

Газета редакция компьютеринде терилди ҳәм А-3 форматында офсет усылында басылды

АҚМАҢҒЫТ ТАҢЫ

Хызмет еткил удайына халық ушын!
Бердақ

Газета 1969-жыл 1-июльден шыға баслады
www.aqmangittani.uz

Жәмийетлик-сиясий газета
18 (4496)
29-июнь 2019-жыл

## 27-июнь – Баспасөз ҳәм ғалаба хабар қураллары хызметкерлери күни

# ГАЗЕТАНЫҢ 50 ЖАСЫ

*Өзиниң билим ҳәм потенциалына, исшеңлик пазыйлетлерине исенген басшы сын пикирден қорықпайды, ғалаба хабар қураллары менен бирге ислесиўди халық пенен пикирлесиўдиң нәтийжели қуралы,-деп биледи.*

Шавкат Мирзиёев
Өзбекстан Республикасы Президенти

Буннан 50 жыл бурын жарық көрген газета халқымыздың сана-сезиминиң өсип, дүнья танымының кеңейиўине, елимиздиң, сондай-ақ, районның раўажланыўына, әўладлардың туўылған топырағын сүйиўге, жүрегинде Ана-Ўатанға деген перзентлик туйғыларының ҳәўиж урыўына айрықша тәсир жасағанын бүгинги күни үлкен кеўил толыўшылық пенен тилге алсақ арзыйды.



Нөкис районы ҳәкимиятының басылымы болған «Ақмаңғыт таңы» газетасының дәслепки саны 1969-жыл 1-июльде «Коммунизм байрағы» атамасы менен шығарылды. Оның биринши саны марҳум Досмурза Назарбековтың редакторлығында жарық көрди. Ол жыллары газета А-3 форматында ҳәптесине үш мәртебе 3000-3500 нусқада баспадан шығып турған. Газетаның биринши бетинде бас мақала, оннан кейин орайдағы сиясий хабарлардан басланып, екинши, үшинши ҳәм төртинши бетлеринде арнаўлы хабарлар менен аўыл хабаршыларының таярлап жиберген мақалалары, сүўретлемелер, репортажлар жәрияланып келген. Сол ўақытларда газетада мийнети сиңген журналистлер Ж.Бегимов, Б.Мустапаев, С.Пирниязов, Қ.Оразымбетовлар газетамыздың күнделикли жумысларында пидайылық пенен көп жыллар даўамында жумыс ислеген. Ғәрезсизлик жылларынан баслап газетаның атамасы «Халық ушын», соңынан «Ақмаңғыт таңы» болып өзгерди.

Ҳәзир газетамыз «Ақмаңғыт таңы» атамасы менен айына үш рет реңли форматта баспадан шығып тур. Газетамыз районымыздың сиясий, экономикалық ҳәм мәдений турмысында жүз берип атырған жаңалықларды кеңнен сәўлелендирип бармақта. Соның менен бирге газетамыздан атақлы жазыўшы ҳәм шайырлар дөретиўшилиги, реклама ҳәм дағазалар және газета оқыўшыларының пикир ҳәм усыныслары орын алған.

Быйыл да газетамыздың юбилей жасы 27-июнь – Баспасөз ҳәм ғалаба хабар қураллары хызметкерлери күни менен қоса келип, дөретиўшилик жәмәәтимизди үлкен қуўанышқа бөлемекте. Ғәрезсизлигимиз шарапаты менен түптийкарынан жаңа көринис ҳәм мазмун пайда етип, түрли пикирлер майданы дәрежесине көтерилген мәмлекетимиз ғалаба хабар қураллары, оларда хызмет көрсетип атырған журналистлер жетекши ҳәм излениўшең күш сыпатында жәмийетимизде жүз берип атырған өзгерислердиң белсенди қатнасыўшысына айланды. Бүгин тараўды раўажландырыўға қаратылып атырған итибар ҳәм ғамхорлықларға жуўап ретинде ғалаба хабар қураллары хызметин демократиялық принциплер тийкарында шөлкемлестириў, жәмийетти жаңалаў процессинде журналистлердиң профессионал тәрептен қәлиплесиўине кең көлемде жәрдем берилгенине ҳеш гүман жоқ.

Ҳақыйқатында да ғәрезсизлик дәўири баспасөзи жәмийетимиз жаңаланып, турмысымыз өзгерип атырған бир пайытта еркин сөз, еркин пикир ҳәм азат инсан тәғдири менен байланыслы социаллық-сиясий, мәдений-ағартыўшылық процесслерге оператив жуўап бериўши минберге айланды.

**Гита ҚАЛБАЕВА**
**«Ақмаңғыт таңы» газетасы жуўаплы хаткери**



27-ИЮНЬ – БАСПАСӨЗ ҲӘМ ҒАЛАБА ХАБАР ҚУРАЛЛАРЫ ХЫЗМЕТКЕРЛЕРИ КҮНИ МҮНӘСИБЕТИ МЕНЕН «АҚМАҢҒЫТ ТАҢЫ» ГАЗЕТАСЫ ЖУЎАПЛЫ ХАТКЕРИ ГИТА ҚАЛБАЕВА ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ ТӘРЕПИНЕН «ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ АҒЛАСЫ» КӨКИРЕК НЫШАНЫ МЕНЕН СЫЙЛЫҚЛАНДЫ

## МАҚТАНЫШ


ӨЗБЕКСТАН КӘСИПЛИК АЎҚАМЛАРЫ ФЕДЕРАЦИЯСЫНЫҢ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН КӘСИПЛИК АЎҚАМЛАРЫ ШӨЛКЕМЛЕРИ БИРЛЕСПЕСИ КЕҢЕСИ

“Ақмаңғыт таңы” газетасы редакторы
Хожаназаров Абдималик
ӨЗБЕКСТАН КӘСИПЛИК АЎҚАМЛАРЫ ФЕДЕРАЦИЯСЫНЫҢ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН КӘСИПЛИК АЎҚАМЛАРЫ ШӨЛКЕМЛЕРИ БИРЛЕСПЕСИ КЕҢЕСИ ТӘРЕПИНЕН
ҲҮРМЕТ ЖАРЛЫҒЫ
МЕНЕН СЫЙЛЫҚЛАНАДЫ
У.Жалменов

*27-июнь – Баспасөз ҳәм ғалаба хабар қураллары хызметкерлери күни мүнәсибети менен «Ақмаңғыт таңы» газетасы редакторы Хожаназаров Абдималик Өзбекстан кәсиплик аўқамлары федерациясының Қарақалпақстан кәсиплик аўқамлары шөлкемлери бирлеспеси Кеңеси тәрепинен «Ҳүрмет жарлығы» менен сыйлықланды.*

«АҚМАҢҒЫТ ТАҢЫ» ГАЗЕТАСЫНЫҢ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЛГЕНИНЕ 50 ЖЫЛ

## Қәдирли «Ақмаңғыт таңы» газетасының мийнет жәмәәти!

Өзбекстан кәсиплик аўқамлары Федерациясының Қарақалпақстан кәсиплик аўқамлары шөлкемлери бирлеспеси Кеңеси Сизди ҳәм жәмәәтиңизди 27-июнь – Баспасөз ҳәм ғалаба хабар қураллары хызметкерлери күни ҳәм «Ақмаңғыт таңы» газетасының 50 жыллығы мүнәсибети менен қызғын қутлықлайды!

Сиз мийнет етип атырған «Ақмаңғыт таңы» газетасы өз мийнет жолын Нөкис районы халқының турмысы менен тығыз байланысқан ҳалда алып бармақта.

Ҳәммемизге жақсы мәлим, ҳәзирги ўақытта тек ғана жәмийетлик-сиясий, социаллық-экономикалық турмысымызда емес, ҳәр бир инсанның ишки дүньясында, өмирге деген көзқарасларында үлкен өзгерислер менен жаңаланыўлар жүз бермекте.

Жәмийетимиздеги усы өзгерислерди, районның сиясий, социаллық-экономикалық, мәдений турмысында жүз берип атырған жаңалықларды кең жәмәәтшиликке жеткериўде газетаның тутқан орны айрықша.

Нөкис районы газетасының елимиз ғәрезсизлигин және де беккемлеў, оның социаллық-экономикалық раўажланыўына мүнәсип үлес қосыў, миллетлераралық татыўлықты тәмийинлеў, халқымыздың бахытлы ҳәм абадан турмысы менен байланыслы басқа да ийгиликли ислерине қосып атырған үлесин жоқары баҳалаймыз

Ҳәзирги ўақытта газета редакциясында тәжирийбели журналистлер өзлериниң билими, тәжирийбеси ҳәм шеберликлери арқалы газетаның ҳәр санының оқыўшылар қолларына жетип барыўында әдиўли мийнет етип келмекте.

Барлық тараўларда алып барылып атырған реформалардың мазмун-мәнисин ҳәм де әҳмийетин терең аңлай отырып, мийнеткеш Нөкис районы халқын үлкен ийгиликли ислер әтирапында жәмлестирип, оларды дөретиўшилик жумысларға руўхландыратуғыныңызға беккем исенемиз.

Бүгинги байрамыңыз ҳәм юбилейиңиз бенен және бир мәрте қутлықлап, Сизлерге үлкен дөретиўшилик табыслар, Ўатанымыздың еле де гүллеп раўажланыўы жолындағы ийгиликли ислериңизге үлкен табыс, күш-жигер, тынышлық-аманшылық тилеймиз!

**Улығбек ЖАЛМЕНОВ**
**Өзбекстан кәсиплик аўқамлары Федерациясының Қарақалпақстан кәсиплик аўқамлары шөлкемлери бирлеспеси Кеңеси баслығы**

## БАЛАЛАР БАҚШАСЫ АШЫЛДЫ




28-июнь күни район орайында жаңадан «Happy childrens» мәмлекетлик-жеке меншик шериклик тийкарындағы 100 орынға мөлшерленген балалар бақшасы пайдаланыўға тапсырылды.

Бул жерде балажанларымыз ҳәптесине 6 күн даўамында 4 топарда қарақалпақ, орыс ҳәм инглис тиллеринде билим алыў имканиятына ийе. Балалар бақшасының барлық бөлмелери заманагөй мебельлер, зәрүр инвентарлар ҳәм оқыў методикалық қолланбалар менен тәмийинленген.

**Ж.СЕЙДУЛЛАЕВ**

## ҲАЯЛ-ҚЫЗЛАРЫМЫЗ ҚОЛЛАП-ҚУЎАТЛАНДЫ



Ҳаял-қызлар бәнтлигин тәмийинлеў, оларды шаңарақлық ҳәм жеке исбилерменликке, өнерментшиликке кең қамтып алып мийнет базарында талап жоқары болған кәсиплер бойынша билим ҳәм көнликпелерин ийелеўге қаратылған жумыссыз ҳаял-қызларға қысқа мүддетли оқыўлар шөлкемлестирилди. Оқыўды питкерген 11 ҳаял-қызға керекли әсбап-үскенелер алыўы ушын районлық ҳаял-қызлар комитети усынысы менен банктен кредитлер ажыратылды.

Бүгинги күнде олар өз жумысларын баслап жиберди.

**Нуржамал ЕРЖАНОВА**

**Қарар ҳәм оның орынланыўы**

## ТУЎЫЛҒАНЛЫҚ ҲАҚҚЫНДАҒЫ ГҮЎАЛЫҚТЫ ҚАЛАЙ АЛАМЫЗ

Мәмлекетлик хызметлер орайында некеде болмай туўылған балалар анасының арзасы тийкарында дизимге алынады.

Мәмлекетлик хызметлер орайлары ҳәм ПҲАЖ бөлимлери арасында хабар алмасыў электрон санлы имзаны мәжбүрий тәртипте қолланыў арқалы тек ғана мәкемелер аралық электрон байланыс жәрдеминде әмелге асырылады.

Жаңа талаплар бойынша таўып алынған (таслап кетилген) баланың туўылғанлығын дизимге алыўда, өли туўылған баланың туўылғанлығын, өмириниң биринши ҳәптесинде өлген (перинатал өлим) балалардың туўылғанлығын, сондай-ақ егизеклерден биреўи өли туўылғанда яки өмириниң биринши ҳәптесинде қайтыс болғанда тири қалған егизектиң туўылғанлығын дизимге алыў МХО имаратында жайласқан аймақлық ПҲАЖ уйымлары тәрепинен әмелге асырылады.

Туўылғанлығы ҳаққындағы гүўалық алыў ушын бала туўылған жердеги ямаса ата-анасынан биреўиниң турақлы жасаў орнындағы мәмлекетлик хызметлер орайына өзи келген ҳалда мүрәжат етеди. Мәмлекетлик хызметлер орайы хызметкери арза бериўши атынан сораўнаманы электрон түринде толтырады. Сораўнамаға туўылғанлық ҳаққындағы медициналық мағлыўматнама, ата-аналарының пуқаралығын тастыйықлаўшы ҳүжжетлер, неке дүзилгенлиги ҳаққындағы гүўалығы қосымша етиледи. Бала туўылған күннен баслап бир ай мүддет өткерип жиберилгенде туўылыў фактин тастыйықлаўшы ҳүжжетке қосымша рәўиште нызамда белгиленген тәртипте басқа ҳүжжетлер де усынылады.

Ата-аналардан бириниң пуқаралығын тастыйықлаўшы ҳүжжет болмаған жағдайларда ата яки ана ҳаққында мағлыўматлар неке дүзилгенлиги яки алдыңғы балаларының туўылғанлығы ҳаққындағы гүўалықлары тийкарында көрсетиледи. Ата-ананың шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжетлер болмаған жағдайда баланың туўылғанлығын дизимге алыў медицина мәкемелериниң жазба мүрәжатларына тийкар әмелге асырылады.

**Пурхат ИБРАГИМОВ**
**Нөкис районы МХО қәнигеси**

**Жазба жумыс таңлаўы**

## КОРРУПЦИЯ – ӘДИЛЛИК ЖЕМИРИЎШИСИ

Райондағы Қутанкөл агроэкономикалық кәсип-өнер колледжи оқыўшылары арасында «Биз жаслар журтымызға хызмет етиўде ҳүжданлы, инсаплы ҳәм ҳадал болыўымыз шәрт!» сүрени астында «Коррупция - әдиллик жемириўшиси» темасында жазба жумыс таңлаўы өткерилди.



Таңлаўды шөлкемлестириўден мақсет жаслардың ҳуқықый саўатханлығын ҳәм ҳуқықый мәдениятын асырыў, жәмийетте коррупцияны келтирип шығарыўшы себеплерди сәўлелендириў, жаслардың барлық тараўларда бар болған коррупциядан хабардар болыўы, коррупцион ҳуқықбузарлықларды өз ўақтында анықлаў, олардың ақыбетлери, себеплери ҳәм келтирип шығарған шараятларды жоқ етиў ҳәм коррупцион ҳуқықбузарлықларды келтирип шығарғанлығы ушын жазаны өтейтуғынлығын терең аңлатыў болып есапланады.

Таңлаўдың ашылыў салтанатына районлық ҳаял-қызлар комитети баслығы С.Абатова, «Мәҳәлле» жәмийетлик қайырқомлық фонды баслығы Н.Сейтназаров, «Ақмаңғыт» ППЖ баслығы М.Қойшыбаев, районлық руўхыйлық ҳәм ағартыў орайы баслығы Н.Тойымбетов, «Ақмаңғыт таңы» газетасы редакторы Ә.Хожаназаров ҳәм колледждиң оқытыўшылары менен бирге оқыўшылары да қатнасты.

Жазба жумыс таңлаўында сөзге шыққанлар Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Коррупцияға қарсы гүресиў ҳаққында»ғы Нызамына кең түрде тоқтап, жасларды ўатанға садықлық руўхында тәрбиялаў, олардың бос ўақтын үнемли ҳәм пайдалы иске жумсаўы тийислигин үйретиў, тәрбиясына бийпарўалық пенен қарамаў ҳәм жаман иллетлерден аўлақ жүриўи кереклигин түсиндирип өтти.

Солай етип, «Биз жаслар журтымызға хызмет етиўде ҳүжданлы, инсаплы ҳәм ҳадал болыўымыз шәрт!» сүрени астында «Коррупция - әдиллик жемириўшиси» темасында жазба жумыс таңлаўына колледж тәрепинен сценарий дүзилген болып, еки оқыўшы басшылық етти. Топар оқыўшылары арасында жазба жумыс жазылды.

Таңлаў соңында ең жақсы жазылған жазба жумысы бойынша «АХМ» топар оқыўшысы Наргиза Базарбаева 86 балл менен 1-орын, есапшы топары оқыўшысы Наргиза Абыллаева 84 балл менен 2-орын ҳәм Мийирбек Қайыпбергенов 83 балл менен 3-орын жеңимпазы болды. Таңлаў жеңимпазлары «Ҳүрмет жарлығы» ҳәм саўғалар менен сыйлықланды.

Усындай жазба жумыс таңлаўлары Шортанбай аўыл хожалық ҳәм Кердер санаат транспорт кәсип өнер колледжлеринде де болып өтти.

**Гита ҚАЛБАЕВА**

## 2022-ЖЫЛЫ ХАЛЫҚТЫҢ ДИЗИМИН АЛЫЎ ӨТКЕРИЛЕДИ

Халықтың жынысы, жасы, шаңарақ жағдайы, мағлыўматы, өмир дәрежеси, жасаў шараяты, бәнтлиги, миллети, пуқаралығы ҳәм де басқа демографиялық, социал-экономикалық қәсийетлери бойынша жеке тәртипте есапқа алыў ҳәм толық характерлеў мақсетинде республикамызда 2022-жылда халықты дизимге алыў ислери әмелге асырылады. Бул бойынша Президентимиздиң арнаўлы Пәрманы қабыл етилди.

Пәрманға тийкар Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы, сондай ақ, қала ҳәм районлар ҳәкимликлери жанында 2022-жылда халықты дизимге алыўға көмеклесиўши аймақлық комиссиялар шөлкемлестирилди. Олар дизимге алыўға таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы илажлардың өз ўақтында ҳәм де сапалы орынланыўын тәмийинлеў, процесске жуўапкер бирге ислесиўши шөлкемлер жумыс искерлиги нәтийжелилигин асырыў, дизимнен өткериўге физикалық ҳәм юридикалық шахсларды, олардың мийнетине ис ҳақы төлеў мәселелерин шешеди.

Солай екен халықтың дизимнен өткерилиўи республикамыз өмиринде әҳмийетли процесс сыпатында орын ийелеўи анық.

**Жумабай ХАЛМУРАТОВ**
**районлық статистика бөлими қәнигеси**

Нызамшылықтағы жаңалықлар

## МИЙНЕТКЕ ҲАҚЫ ТӨЛЕЎДИҢ ЕҢ КЕМ МУҒДАРЫ ҲӘМ БАЗАЛЫҚ ЕСАПЛАЎ ДЕГЕНИМИЗ НЕ

Усы жыл 21-май күни мәмлекетимиз Президентиниң «Мийнетке ҳақы төлеў, пенсиялар ҳәм басқа төлемлер муғдарларын анықлаў тәртибин жетилистириў ҳаққында»ғы Пәрманына муўапық 2019-жылдың 1-сентябринен баслап мийнетке ҳақы төлеўдиң ең ем муғдары 577 170 сум, базалық есаплаў 202 730 сум, пенсияны есаплаўдың базалық муғдары 202 730 сум етип белгиленди.

Пәрманда мийнетке ҳақы төлеўдиң ең кем муғдары (577 170 сум) айлық ис ҳақылар, үстемелер, қосымша ҳақы, гонорар, қосымша ис ушын компенсация төлемлери ҳәм хошаметлеў түриндеги басқа да төлемлер, сондай-ақ, нызамшылықта белгиленген усламалар, алдын ең кем ис ҳақыға қарата белгиленген басқа да төлемлер муғдарын анықлаўда ҳәм де шаңарақлардың социаллық қоллап-қуўатлаўға мүтәжлигин ҳәм жумыссызлық бойынша напақалар муғдарын анықлаўда қолланылады.

Базалық есаплаў (202 730 сум) салықлар, жыйымлар, жәриймалар, мәмлекетлик бажылар ҳәм көрсетилип атырған мәмлекетлик хызметлер ушын басқа да төлемлердиң муғдарын анықлаўда қолланылады. Мысал ушын айтатуғын болсақ, исбилерменлик пенен шуғылланыў ушын патент, лицензия ҳәм басқа да төлемлердиң баҳасы, шөлкемлердиң устав ҳәм басқа да фондлары (капиталы) муғдары, пулсыз формада төленетуғын акциялар, басқа да қымбат баҳалы қағазлардың баҳасы, микрокредитлер ҳәм лизинг, сондай-ақ басқа да финанслық-экономикалық көрсеткишлердиң шекленген муғдарын белгилеўде қолланылады.

Пенсияны есаплаўдың базалық муғдары (202 730 сум) пенсиялар, үстемелер, қосымша ҳақы, хошаметлеў, компенсация ҳәм басқа да хошаметлеў түриндеги төлемлердиң сумда сәўлеленген әмелдеги муғдарларын сақлап қалған ҳалда қайта есап-санақ жүргизиледи.

**Зулхандер КАМАЛОВ**
**районлық пенсия қоры бөлими баслығының орынбасары**



*Сағынбай ИБРАГИМОВ*

## БЕРДАҚТЫҢ «ШЕЖИРЕ» ДӘСТАНЫ ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚЛАР ТАРИЙХЫ

*Этнотарийхый эссе*

***Даўамы. Басы өткен санларда***

«Едиге» дәстанында Едигениң ҳәкимиятының илаҳийлиги оның мусылман әўлийеси ҳәм периден туўылғанлығы менен тастыйықланады.

Қарақалпақ фольклорында шыңғысыйларға ўәлийлик қәсийети тән, деп түсиниледи.

Ўәлийлик – бул көрегенлик қәсийети, келешекте не болатуғынын қуда билдирип турғаны себепли болжап көре алыў салаяты. Шыңғысыйлар ҳәкимиятының сакраллық характери «Едиге» дәстанында былай берилген. Онда Тоқтамыс негизи пәс ўәзирлерине исенип, ел басқарыўда қәтеликке жол қойғаны менен, Шыңғыс әўлады сыпатында гүнасыз еди, деп көрсетиледи. «Хан болған адам қалый болмайды» деген нақыл бар. «Қалый болмайды» ибарасы «нәтийжесиз болмайды» деген мәнини аңлатып, яғный ханда илаҳый күш бар, ол қут дарыған инсан, деген түсиникти береди.

Дешти Қыпшақ көшпелилери өзлериниң илаҳий рәўиште берилген ҳүкимдары сыпатында таныған Темуджин моңғол топарының Бодончардан басланатуғын борджигин (борджикин, бүршигин – моңғол тилинде «көк көзлилер» деген мәнини аңлатады) қәўимине жатады. Борджигин қәўимине тайджиут, чонос, барлас ҳәм басқа да урыўлар кирген. Борджигинлердиң 1140-жыллары моңғол қәўимлерин басқарған Қабыл ханнан басланатуғын шақабы қыян урыўы (көплик формасы – қыят), деп аталады. (Абылғазы хан моңғоллар таўдан аққан селди қаян деген, көплиги – қыят, қыяттың түпмәниси күшли ҳәм жылдам, дегенди билдиреди, деп түсиник береди). Қыятлардың Қабыл-ханның ақлығы Есугей баатурдан басланатуғын бөлими қыят-борджигинлер деп аталады.

Қарақалпақ қыятларының «көк көзлер» деген лақабы сақланып қалған.

1155-жылы туўылған Темуджинниң әкеси Есугей баатур қыят борджигин ҳәм тайджиут урыўларынан туратуғын бир топардың басшысы еди. Темуджин тоғыз жасында әкесинен жетим қалады ҳәм қәўимлеслери бул хожалықты таслап кетеди. Анасы Оэлун төрт ул менен бир қызды аўзына тислеп жүргендей етип келе қылады. Жас басынан өмирине дөнген көп қәўиплерден ҳәм машақатлардан аман шыққан Темуджин әтирапына моңғолдың қажарлы жигитлерин жыйнап, 1189-жылы моңғол қәўимлериниң өз алдына үлкен бир топарының ханы болып сайланады. Буннан соң оның төрт түменнен ибарат отряды (40 мың нөкер шамасы) моңғол даласы қәўимлериниң көпшилигин бағындырып, 1206-жылы Онон дәрьясының бойындағы қурылтайда Темуджинди Шыңғысхан (Шыңлаўшы ҳүкимдар – зәңгилеслерине күш-қүдирет бериўши ҳүкимдар) деген титул менен уллы қаан етип көтереди.

Бердақтың «Шежире»синдеги Шыңғысхан туўралы аңыз арқалы Дешти Қыпшақ көшпелилериниң идеал ҳүкимдар туўралы концепциясы берилген.

Бул концепцияның биринши постулаты – сорамындағы пуқараның ҳәрбириниң өмири ҳәм өлими мәселеси қолына берилген инсан-ҳүкимдар ким болса сол болыўы мүмкин емес: оның ҳәтте аристократиялық яки бай ханаданның ўәкили болыўы да жеткиликсиз, ҳүкимдар илаҳый белгиленген – Тәңир таңлаған инсан болыўы керек. «Едиге» дәстанында Дәўлет қусы – илаҳий дүнья менен жердиң бетиндеги дүньяның ортасындағы елши – сол Тәңир көрсетип турған адамның басына қонады.

Екинши постулат – ҳүкимдардың ўазыйпасы елде иерархиялық тәртип (орны жоқарыда адам жоқарыда, орны төменде адам төменде болыўы керек – Едиге өзинен жасы үлкенге «биз турайық, әзизим, сиз билерсиз», дер еди, ал, жасы кишиге «сиз турыңыз, биз билермиз», дер еди) ҳәм әдиллик орнатыў болып табылады.

Бул аңыз арқалы дала менталитетине тән болған, ҳәкимият бул сакрал қәсийет сферасы, деген түсиник тастыйықланады. Бул, әлбетте, дүньяның көпғана бөлеклеринде формулаланған түсиник еди – Моисейдиң ямаса Персейдиң шығысы туўралы аңызлар буның дәлийли.

**Үшинши эпизод – Қоңыратлардың шежиреси**

Дәстанның 108–196-бәнтлеринде қоңырат қәўимине байланыслы мағлыўматлар бериледи.

Бул эпизодты үш сюжетке бөлип қарай аламыз.

Биринши сюжетте (108–166-бәнтлер) қарақалпақ халқының қурамындағы қоңырат қәўиминиң генеалогиясы бериледи.

Екинши сюжетте (167–178-бәнтлер) араллы-өзбеклердиң қоңырат қәўиминиң генеалогиясы бериледи.

Үшинши сюжетте (179–196-бәнтлер) қарақалпақлардың қарамойын урыўының келип шығыўы тарийхы баянланады.

Биринши сюжет бойынша, қоңырат қәўиминиң түпбабасы Майқы бий – оннан Жайылған бий туўылған (ураны «Қоңырат!» – бул уран Майқы бийдиң қырқ адам болып Шыңғысты излеп барғанда минип барған қоңыр аты бойынша, басқа атлар сойылып, ол сойылмай қалғаны себепли, келип шыққаны аңласылады), Жайылғаннан – Нағадай туўылған, ал Нағадайдың отыз улынан қоңырат елиниң қәўимлери келип шығады.

Усы жерде қоңырат қәўиминен мүйтен менен қыят қәўимлериниң уранлары басқа екенлиги айтылады, бирақ бул үш қәўим не ушын бир жерде айтылып турыпты – бул мәселениң басы ашылмай қалады.

Бул сюжетте аталған қәўимлер (Бердақта – урыўлар) Нағадай-бийдиң улы Қарабектен шығарылады.

Қарабектиң Жәнибек ҳәм Қәллибек деген еки улы болған.

Жәнибектиң Ҳайдар ҳәм Әлийбек деген еки улы болған.

Әлийбектиң Ағәдил ҳәм Байәдил, Ҳайдардың Едил ҳәм Жанәдил деген улларынан қолдаўлы, ашамайлы ҳәм қостамғалы қәўимлери шығарылады.

Бул сюжетте Бердақ қолдаўлы, ашамайлы, қостамғалы (булар өз алдына қәўимлер), ханжығалы (қыят қәўиминиң үштамғалы урыўының тийреси), бүгежейли, базаргүлфеҢ (бул этнонимлер Т. А.Жданко ҳәм Р.Қосбергеновтың кестелеринде жоқ), майшы (майшышалы), бескемпир, қалмақ, жаманқоңырат (булар қолдаўлы қәўиминиң урыўлары), қәндекли (қәўим), шыржеген, қарынжуўған (қостамғалы қәўиминиң урыўлары) бирлеспелериниң қоңырат қәўимине киретуғынлығын атап көрсетеди. Бул социаллық бирлеспелердиң структурадағы дәрежелери сақланбай, қәўимлер, урыўлар ҳәм тийрелер араластырып берилген.

Аталған қәўимлер барлығы қоңырат урыўлық-қәўимлик бирлеспесиниң шүллик бөлимине киреди. Бирақ, бул қатарда усы шүллик бөлимине киретуғын қәўимлер толық аталмаған, ал, жаўынгыр бөлими урыўлары туўралы улыўма сөз жоқ.

Демек, шежире авторы системалылықты сақламаған, ядына түскен урыўды пәленшеден тарады, деп кете берген, деген түсиникке келиўден басқа илажымыз жоқ.

Бул сюжетте генеалогиялық шынжырдың жоқарғы ҳалқасындағы Нағадай – Қарабек – Жәнибек, оның еки улы Ҳайдар (уллары – Едил ҳәм Жанәдил) ҳәм Әлийбек (уллары – Ағәдил ҳәм Байәдил) линиджлерине барып жалғанатуғын бир қанша линиджлердиң генеалогиялары берилген (солардың ишинде 19 әсирдиң белгили тулғалары Айдос бий ҳәм Ораз аталық линиджлери бар).

Бул сюжетти мынадай етип интерпретациялаўға болады.

Бердақ бул жерде урыўлардың өз шежирелерине таянып, өзлерин Нағадай-бийдиң улы Қарабектен шығаратуғын қоңырат бирлеспелерин атаған. Булар – қолдаўлы, ашамайлы, қостамғалы, ханжығалы, бүгежейли, қәндекли бирлеспелери.

Бул сюжеттеги мағлыўматлардың ҳәм персонажлардың басқа аўызша дәстүрлерде берилиўине қысқаша тоқтап өтейик.

Бердақта қоңыратлардың түпбабасы сыпатында берилген Майқы бий изертлеўшилер белгили бир тарийхый шахс бенен байланыстыра алмаған әпсанаўый тулға болып табылады.

Айырым изертлеўшилер бул тулғаны Жошы әскериниң оң қанатын басқарған Байқу нойон менен байланыстырады. Рашитаддин бойынша, моңғол нойоны Байқу 13 әсирдиң биринши ярымында жасаған, үйсин қәўиминен, Шыңғысханның Жошыға берген төрт мыңбасысының бири болған.

Қоңсы халқлардың шежирелери бойынша, қазақларда Уллы жүздиң үйсинлер топары, Киши жүздиң табын урыўы, башқуртлардың табын ҳәм иректи атлы урыўлық топарлары Майқы бийди өзлериниң түпбабасы, деп есаплайды.

Бул аңызлар Майқы-бий тулғасын Шығыс Дешти Қыпшақта моңғоллар ҳүкимдарлығының ерте дәўиринде түркий қәўимлерди басқарған мәмлекетлик искер сыпатында улыўма баҳалаў имканиятын ғана береди.

Бердақ Майқы бийдиң ақлығы сыпатында көрсеткен Нағадай бий Жошы улысының жазба дәреклеринде орайлық ҳүкиметтиң Хорезмге қойған ҳәкими Нанғудай нойон сыпатында белгили.

Қазақ шежирелеринде де қоңырат елиниң генеалогиялық кестесиниң сағасында ерте заманда Үргенеште жасаған Нағанай бий айтылады. Оның отыз улы болады. Қалампыр деген ҳаялынан туўылған үш улы – Жығалы мырза, Мелде бий, Орын бий. Нағанай бий усы бәйбишеден туўылған үш улына Түркистанды (Ақмешит пенен Ташкент аралығын) береди. Билетуғынымыздай, қазақлардың қоңырат қәўими Орта жүзге киреди ҳәм Қубла Қазақстан аймағын мәканлайды – бул Сырдәрьяның қубла жағасы ҳәм орта ағымы, Қаратаў жанбаўырлары.

Сырдәрьяның орта ағымының қоңыратлары қазақлардың Орта жүз урыўлық-қәўимлик бирлеспесине 18 әсирдиң ортасында қосылды.

Екинши сюжет бойынша, 167–178-бәнтлерде араллы-өзбеклердиң қоңырат қәўиминиң шежиреси бериледи.

Бунда айтылыўынша, өзбек-қоңыратлар Нағадай-бийдиң отыз улының генжеси Арын мырзадан таралады.

Арын мырза – Жәнибек ханның күйеў баласы (Жошы улысы ханы Жәнибек-хан ибн Өзбек-хан (1342–1357) нәзерде тутылған, деп ойлаўымызға болады).

Арын мырза – Төребек мырза – Үмми султан (бул жерде еки адамның аты – Үмми ҳәм Султан болмаса керек, Бердақта султан термини ўәзир мәнисин береди, соңынан 175-бәнтте «Қоразбек султан болды» дегенде бул маңғыт бийиниң ўәзир – ҳүкимет баслығы болғанлығын нәзерде тутады) – Үмминиң балалары Сағыр ҳәм Сарсан (сағыр ҳәм сарсан – хорезмли өзбек-қоңыратлардың балғалы урыўының тийрелери).

Буннан соң саҳрадан келген Шыңғыс әўлады Елбарыс-султан Хорезм мәмлекетине хан болғанлығы айтылады. Оның ўәзири Ағәдил аталық болады.

***Даўамы бар***



## Минайхан ЖУМАНАЗАРОВА

Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының ағзасы, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдениям хызметкери Минайхан Жуманазарова 62 жасында қайтыс болды.

М.Жуманазарова 1957-жылы Кегейли районының «Еркиндәрья» аўылында туўылды.

Ол 1974-жылы орта мектепти айрықша баҳалар менен питкерип. 1987-жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң филология факультетин тамамлады.

М.Жуманазарованың дәслепки қосықлары менен гүрриңлери 1972-жылдан баслап баспасөзде жарық көре баслады.

М.Жуманазарова өзиниң мийнет жолы даўамында баспасөз ҳәм Қарақалпақстан телерадиокомпаниясында жуўапкерли лаўазымларда ислеў менен бирге бир неше қосықлары ҳәм гүрриңлер топламын, китапларын халқымыздың қосық шайдалары менен китапқумарларына саўға етти.

«Елим деп еңиремесең» (1992), «Жүрегимде бир дәрт бар» (1993), «Әлўидағ айтпайман, муҳаббат» (1997), «Еле мен» (2003), «Кетпек ушын келгенмен» (2011) таңламалы қосықлар топламы, 2000-жылы Ташкент қаласының «Шолпан» баспасынан өзбек тилинде «Қәлбиңизде қалғым келеди» қосықлар топламы, «Әжаға» (2012), «Тумарис сөзлери» (2016) прозалық топламлары, «Таңламалы шығармалары» (2019) баспадан шықты ҳәм оның бир неше қосықларына белгили композиторлар тәрепинен намалар дөретилди.

Түркия мәмлекетинде баспадан шыққан «Қарақалпақ әдебияты антологиясы» китабында бир қатар қосықлары түрк тилинде жәрияланды.

Ҳақ кеўил, кишипейил инсан, әдиўли ана, зәбердес жазыўшы-журналист, шайыр Минайхан Жуманазарова бизлердиң ядымызда бәрқулла сақланып қалады.

**Нөкис районы ҳәкимлиги ҳәм «Ақмаңғыт таңы» газетасы жәмәәти**

Нөкис районы ҳәкимлиги ҳәкимият хызметкери Қошқарбай Бердимуратовқа анасы **Минайхан ЖУМАНАЗАРОВАның** қайтыс болыўына байланыслы кеўил айтады.